

BAB III

MÉTODEU PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab medar métodeu panalungtikan anu ngawengku desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, lokasi panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, téhnik analisis data.

3.1 Métodeu Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan pamarekan nu digunakeunna nyaéta pamarekan kuantitatif. Métodeu kuantitatif nyaéta métodeu nu data panalungtikanna mangrupa angka-angka jeung ngagunakeun statistik (Sugiyono, 2015, kc. 7).

Nurutkeun Moleong, Lexy (2012, kc. 34) panalungtikan kuantitatif nyaéta panalungtikan nu métodeuna terstruktur, formal, ditangtukeun leuwih ti heula, henteu luwes, jeung dijéntrékeun sacara rinci saacan panalungtikan dilaksanakeun.

Pamarekan kuantitatif nyaéta hiji prosés meunangkeun pangaweruh anu ngagunakeun data mangrupa angka minangka alat pikeun meunangkeun katerangan naon anu hayang dipikanyaho. Pamarekan kuantitatif ngagunakeun instrumén-instrumén formal, standar, jeung miboga sipat ngukur (Sukmadinata, 2006, kc. 95).

Métodeu nu dipaké pikeun nyusun ieu panalungtikan téh nyaéta métodeu deskriptif, nyaéta métodeu anu miboga udagan pikeun ngadeskripsikeun atawa ngajelaskeun hiji hal atawa kajadian nu aya di zaman kiwari. Métodeu deskriptif ieu bisa ngadeskripsikeun hiji variabel atawa leuwih (Sudjana, 2015 kc.52).

Nurutkeun Djajasudarma (2010 kc. 9) métodeu panalungtikan déskriptif nyaéta métodeu anu boga udagan pikeun nyieun déskripsi; maksudna nyieun gambaran, rarancang sacara sistematis, faktual jeung akurat ngeunaan data, sipat-sipat sarta patalina fénoména-fénoména anu ditalungtik.

Métodeu déskriptif nyaéta hiji métodeu dina nalungtik hiji kelompok manusa, hiji objék, hiji situasi kaayaan, hiji sistem pamikiran, atawa hiji kajadian di mangsa kiwari (Nazir, M, 2014, kc. 43).

Nurutkeun Sugiono (2012, kc.35) metodeu panalungtikan deskriptif nyaéta metodeu panalungtikan anu dilakukeun pikeun mikanyaho nilai variabel mandiri atawa leuwih ku cara teu nyieun babandingan atawa ngagabungkeun variabel hiji jeung nu séjén. Ieu metodeu dilakukeun ku cara ngadeskripsikeun fakta-fakta nu saterusna dianalisis. Nu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan nyaéta basa indung, tatakrama basa Sunda jeung pangaruh basa indung kana tatakrama basa sunda siswa kelas 8-8 SMPN 1 Bandung anu jumlahna 30 siswa.

Métodeu déskriptif umumna mangrupa panalungtikan non-hipotésis, ku kituna salian ti métodeu déskriptif métodeu séjén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métodeu korélasi pikeun ngarumuskeun hipotésis sarta nalungtik pangaruh dua variabel nu aya dina ieu panalungtikan.


Métodeu korélasional, nyaéta métodeu anu dipaké pikeun maluruh tingkat pangaruh antara dua variabel atawa leuwih, tanpa ayana parobahan, tambahan, atawa manipulasi kana data anu geus aya. Variabel anu dikorélasikeun nyaéta basa indung (X) jeung tatakrama basa Sunda (Y).

3.2 Desain Panalungtikan

Nurutkeun Suchman (dina Nazir, 2014, kc. 70) desain tina panalungtikan nyaéta sakabéh prosés nu diperlukeun dina ngarencanakeun atawa ngalaksanakeun panalungtikan. Dina harti nu leuwih heureut, desain panalungtikan ngan saukur ngumpulkeun jeung nganalisis data hungkul.

Dumasar kana pamarekan kuantitatif kalawan métodeu deskriptif jeung korélasional, desain pikeun panalungtikan korélasional numutkeun Sugiyono (2016, kc. 236) digambarkeun saperti ieu di handap:

Bagan 3.1
Desain Panalungtikan



3.3 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

Lokasi anu dipaké panalungtikan nyaéta SMPN 1 Bandung, nu perenahna di jalan Kesatriaan No. 12, Kelurahan Arjuna, Kecamatan Cicendo, Bandung. SMPN 1 Bandung ngadeg taun 1912 anu asalna Ksatriaan Institut tapi dina taun 1949 robah jadi SMPN 1 Bandung. SMPN 1 Bandung akréditasina A jeung asup kana katégori SMP Negeri cluster 1.

Sumber data nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172) nyaéta sumber atawa jejer ti mana data bisa kacangking.

Sumber data ieu panalungtikan nyaéta data meunang tina hasil angkét, tés jeung wawancara anu ditujukeun ka siswa kelas 8-8 SMPN 1 Bandung anu jumlahna aya 30 siswa kalayan dibagi jadi 12 siswa lalaki jeung 18 siswa awéwé.

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina panalungtikan, ngumpulkeun data mangrupa salah sahiji hal anu kudu dilakukeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Téhnik anu dianggap merenah pikeun ieu panalungtikan diantaranya téhnik observasi, angkét, tés jeung wawancara. Ngumpulkeun data mangrupa prosedur nu sistematis ku cara merhatikeun *panggarisan* nu geus ditangtukeun. Ieu hal miboga tujuan pikeun nyingkahan data nu teu kapaké kusabab jauhna informasi nu dimeunangkeun jeung kabutuhanana (Subagyo, 1991, kc, 38).

Langacker (dina Sudaryat, 2004, kc. 31) nétélakeun yén data basa téh bisa dikumpulkeun ku rupa-rupa téhnik kayaning téhnik téks, obsérvasi, intuisi, jeung élisitasi.

Dina ieu panalungtikan digunakeun sababaraha téhnik ngumpulkeun data nyaéta téhnik obsérvasi, téhnik angkét, téhnik tés jeung téhnik wawancara.

1) Téhnik Obsérvasi

Obsérvasi nyaéta pengamatan nu dilakukeun sacara dihaja, sistematis, ngeunaan fenoména sosial jeung gejala-gejala psikis pikeun satuluyna dilakukeun *pencatatan* (Subagyo, 1991, kc, 63).

Nurutkeun Mahsun (2013, kc. 242) métodeu simak/obsérvasi mangrupa métodeu nu digunakeun dina nyadiakeun data ku cara panalungtik ngaregepkeun dina ngagunakeun basa.

Nurutkeun Sudaryat (2004, kc. 31) téhnik obsérvasi dipaké lamun panalungtik rék niténan paripolah panyatur dina makéna basa.

Dina ieu panalungtikan, ngagunakeun observasi sacara terbuka, ku sabab dina ngajalankeun kagiatanna hubungan antara respondén jeung panalungtik silih interaksi. Dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan, saméméhna ditataharkeun sagala rupa pikeun meunangkeun data ku cara observasi. Ieu obsérvasi dipaké pikeun niténan kaayaan basa indung jeung tataktama basa sunda siswa.

Léngkah-léngkahna saperti ieu di handap:

- (1) niténan lingkungan sakola SMPN 1 Bandung, sakaligus ngalaksanakeun PPL.
- (2) niténan basa siswa kelas 8-8 SMPN 1 Bandung.
- (3) ngajéntrékeun maksud jeung tujuan ka siswa nu aya patalina jeung panalungtikan.
- (4) ngadokuméntasikeun.
- (5) nyadiakeun pedoman wawancara jeung angket pikeun meunangkeun data nu dipikahayang.

2) Téhnik Angket

Angkét nyaéta téhnik ngumpulkeun data anu dilakukeun ku cara méré sajumlah patalékan atawa pertélaan ti nulis ka réspodén pikeun meunangkeun jawaban (Sugiyono, 2015, kc. 199).

Angkét anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta angket tertutup sabab siswa ngan saukur méré tanda kana salah sahiji jawaban anu dianggap bener, atawa nangtukeun sikep ngaliwatan opsi jawaban anu geus disadiakeun. Ieu angkét dipaké pikeun ngumpulkeun data ngeunaan kasang tukang basa indung siswa.

Léngkah-léngkah meunangkeun data tina angket nya éta:

- (1) nerangkeun maksud jeung tujuan anu jelas ka siswa
- (2) méré angket ka siswa pikeun meunangkeun data

3) Téhnik Tés

Tés mangrupa hiji instrumén pikeun ngukur kamampuh variabel dependen.

Tés eusina ngeunaan runtuyan patalékan nu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, intelegensi, kamampuh atawa bakat individu atawa kelompok (Suyatna, 2002, kc. 23).

Tés nyaéta saruntuyan patalékan, latihan, atawa alat séjén anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, intelegensi, atawa bakat anu dipibanda ku individu atawa kelompok (Arikunto, 2013, kc. 193). Tés dibédakeun jadi tés buatan guru jeung tés standar. Éta tés tujuanna pikeun ngukur pangaweruh siswa (Nurgiantoro, 1995, kc. 60). Nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta tés buatan guru.

Dumasar kana téhnik di luhur, ngumpulkeun data dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkahna nyaéta:

- (1) Nyebarkeun angkét ka siswa kelas 8-8 SMPN 1 Bandung; jeung
- (2) Ngalaksanakeun tés ngeunaan kaweruh tatakrama basa Sunda siswa kelas 8-8 SMPN 1 Bandung.

4) Téhnik Wawancara

Wawancara salaku hiji prosés pikeun ngumpulkeun data ku cara nanyakeun patalékan-patalékan nu geus ditataharkeun saacanna. Hasilna dicatet, kusabab bisa meunangkeun informasi nu penting ti respondén. Panalungtik ngalakukeun tanya jawab ka réspondén nu lumangsung sacara interaktif. Nurutkeun Mahsun (2013, kc. 250) métodeu wawancara atawa *interview* mangrupa salah sahiji métodeu nu digunakeun dina tahap panyadiaan data nu dilakukeun ku cara panalungtik ngobrol atawa kontak jeung panyatur salaku narasumber.

Wawancara nyaéta paguneman nu miboga tujuan nu tangtu. Ieu Paguneman dilakukeun ku dua jalma, nyaéta nu ngawawancara ngajukeun patalékaan jeung nu diwawancara nu méré jawaban kana éta patalékan (Moleong, Lexy, 2012, kc. 186).

Ieu wawancara dipaké pikeun ngumpulkeun data ngeunaan tatakrama basa sunda siswa.

Dumasar kana téhnik di luhur, ngumpulkeun data dilaksanakeun léngkah-léngkahna nyaéta:

- (1) ngajéntrékeun tatacara jeung maksud tina wawancara nu dilakukeun ka siswa.
- (2) ngajéntrékeun sacara gurat badag ngeunaan maksud tina wawancara.
- (3) ngawawancara langsung ka unggal siswa luyu jeung pedoman wawancara nu disiapkeun.
- (4) nyusun catetan hasil wawancara ka siswa, sarta idéntitas ti unggal siswa.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumen nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakan panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan panalungtikanana leuwih babari tur hasil nu hadé, dina harti lengkep jeung sistematis nepi ka babari diolahna (Arikunto, 2013, kc. 203).

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta angkét, lembaran tés, pedoman wawancara jeung alat rékam.

1) Angkét

Angkét ditujukeun pikeun siswa kelas 8-8 SMPN 1 Bandung. Angkét anu digunakeun nyaéta angkét tertutup, dimana panalungtik nyadiakeun pilihan jawaban pikeun narasumber. Dipaké pikeun ngumpulkeun data ngeunaan kasang tukang kahirupan siswa ngeunaan basa indung jeung kaweruh siswa kana tatakrama basa sunda.

Tabél 3.1
Kisi-kisi Angkét

Komponén	Sub Komponén	No. Soal
Kasang Tukang	1) Suku/sélér bangsa siswa	1
	2) Suku/sélér bangsa indung	2
	3) Suku/sélér bangsa bapa	3
Basa indung siswa	1) Basa kahiji	4
	<ul style="list-style-type: none"> • Mimiti diajar • Tempat diajar 	
	2) Basa kadua	4

Lisana Sidkin A'liyya, 2017

PANGARUH BASA INDUNG KANA TATAKRAMA BASA SUNDA SISWA KELAS 8-8 SMPN 1 BANDUNG TAUN AJARAN 2016/2017

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Komponén	Sub Komponén	No. Soal
	<ul style="list-style-type: none"> • Mimiti diajar • Tempat diajar 3) Basa katilu <ul style="list-style-type: none"> • Mimiti diajar • Tempat diajar 	4

2) Lembaran Tés

Instrumén séjén nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta tés. Tés minangka instrumén pangumpul data nyaéta runtuyan patalékan atawa latihan anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, kapinteran, kamampuh atawa bakat nu dipimilik ku individu atawa kelompok (Riduwan, 2006, kc. 76).

Dina ieu panalungtikan, tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kaweruh tatakrama basa Sunda siswa anu ngawengku runtuyan patalékan ngeunaan tatakrama basa Sunda anu kudu dijawab ku siswa. Runtuyan patalékanna mangrupa ngalarapkeun kekecapan anu disadiakeun salaku jawaban pikeun ngalengkepan kalimah anu geus disadiakeun sangkan jadi kalimah anu merenah tatakrama basa Sundana.

Tabél 3.2
Lembar Tés

<p>Larapkeun pilihan jawaban nu geus disadiakeun kana kalimah anu geus disadiakeun di handap sangkan jadi kalimah nu lengkep tur merenah tatakrama basana!</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Kuring nuju.....di dapur jeung sangu goréng. Bapa nujuogé maturan kuring. Babaturan kuring gé ngilu.....sabab keur ulin ka imah kuring. <ol style="list-style-type: none"> a. Tuang b. Neda c. Dahar 2.si budi mah alus pisan.komo bu guru mah meni hegar pisan katingalina téh. Ari.....kuring mah leutik tapi matak pikabetaheun. <ol style="list-style-type: none"> a. Bumi b. Rorompok c. Imah 3. Pun biang ka pasar tadi subuh. Sabab kuring rék.....ka sakola ayeuna. Adi kuring gé sarua rék ka sakola. <ol style="list-style-type: none"> a. Indit b. Mios c. Angkat 4. Adi kuring geus 2 minggu teu sakola lantaran..... geus 5 poé kuring gé lantaran katepaan. Lanceuk kuring gé keur..... sabab katularan kuring jeung adi kuring. <ol style="list-style-type: none"> a. Gering b. Udur c. Teu damang 5. Kuring ti Bandung tadi beurang. Aki kuring géti Bogor bieu pisan. Si rahmi mah karék.....ti sakolana sabab aya latihan heula. <ol style="list-style-type: none"> a. Balik b. Wangsul c. Milih 6. Abi keurdi korsi. Si dudi gé keur sabab maturan kuring nongton. Bibi kuring nuju di dapur maturan indung kuring. <ol style="list-style-type: none"> a. Diuk b. Calik c. Diuk 7. Uwa kuring nuju di kamar. Si Ani, babaturan kuring keur di dieu. Kuring

Lisana Sidkin A'liyya, 2017

PANGARUH BASA INDUNG KANA TATAKRAMA BASA SUNDA SISWA KELAS 8-8 SMPN 1 BANDUNG TAUN AJARAN 2016/2017

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- jam sapuluh peuting.
- a. Saré b. Mondok c. Kulem
8. Pa guru teu..... buku ajarna. Di kelas jadi ngabahas pangajaran kamari lantaran si Dodi nubuku ajar lila pisan. Ari pék téh kuring gé teu.....buku catetan kuring.
- a. Nyokot b. Ngabantun c. Nyandak
9. Téh Ina mah ari kantong téh sok nu marahal da kudu ka toko waé. Béda jeung adina, neng Ami nu..... kantongna sok di émpéran. Kuring mah teu tangtu..... kantong téh, kadang di toko atawa di émpéran.
- a. Meuli b. Meser c. Ngagaleuh
10. Lanceuk kuring mah sok ari dititah ku indung kuring téh. Kuring mah boro-boro tara..... ari dititah téh. Komo adi kuring mah teu pisan ari dititah téh.
- a. Daék b. Purun c. Kersa

3) Padoman Wawancara

Padoman wawancara digunakeun pikeun kagiatan wawancara nu miboga tujuan pikeun meunangkeun data ku cara nepikeun sagala pananya ka siswa. Hal-hal nu ditanyakeun patali jeung makéna tatakrama basa sunda siswa. Salian ti ngawawancara, panalungtik ogé nuliskeun eusi jawaban siswa sacara gurat badag dina pedoman wawancara.

Tabél 3.3

Kisi-kisi Wawancara

Komponén	Sub Komponén	No. Soal
Ngalarapkeun tatakrama basa Sunda	<p>1) <i>Pamaké basa</i>, saha panyatur, saha pangregep, Jeung saha nu dicaritakeun;</p> <p>2) <i>Kalungguhan pamaké basa</i>, naha sahandapeun, sasama, atawa saluhureun;</p> <p>3) <i>Gambaran rasa panyatur waktu komunikasi</i> lumangsung, naha hormat, biasa atawa loma, naha teu hormat atawa kasar.</p>	<p>1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, 8, 9, 10, 11, 12, 13, 14, 15</p>

4) Alat Rékam / Tape Recorder

Nurutkeun Moleong, Lexy (2012, kc. 232) tape recorder teu pati loba digunakeun dina diskusi kelompok, tapi diperlukeun pikeun nampung sora-sora nu muncul salila diskusi.

Alat rékam nu digunakeun mangrupa handphone nu miboga fungsi pikeun ngarékam jawaban-jawaban tina pananya nu diajukeun ka siswa.

3.6 Téhnik Analisis Data

Nurutkeun Moleong, Lexy (2012, kc. 280) analisis data nyaéta prosés ngaorganisasikeun jeung ngurutkeun data kana pola, katégori, jeung hiji uraian dasar nepi ka bisa meunang téma jeung bisa dirumuskeun hipotésis gawé saperti nu disarankeun ku data.

Data tina hasil panalungtikan nu geus kakumpulkeun tuluy dianalisis, léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

- 1) Analisis basa indung siswa;
- 2) Analisis kaweruh tatakrama basa Sunda. Aspék nu diajénna nyaéta sakumaha kaweruh siswa dina ngalarapkeun kecap-kecap tatakrama basa Sunda dina soal tés. Dina nganalisis kaweruh tatakrama basa sunda siswa digunakeun patokan saperti tabél di handap:

Tabél 3.4
Analisis Kaweruh Tatakrama Basa Sunda

No	Kategori	Persentase
1	Alus Pisan	81-100%
2	Alus	61-80%
3	Sedeng	41-60%
4	Kurang	21-40%
5	Kurang pisan	1-20%

- 3) Analisis makéna tatakrama basa Sunda. Aspék nu diajénna nyaéta merenah henteuna siswa dina maké tatakrama basa Sunda nalika komunikasi nu dilaksanakeun ngaliwatan wawancara. Dina nganalisis

makéna tatakrama basa Sunda siswa digunakun patokan saperti tabél di handap:

Tabél 3.5
Analisis Makéna / Larapna Tatakrama Basa Sunda

No	Kategori	Persentase
1	Merenah pisan	81-100%
2	Merenah	61-80%
3	Biasa	41-60%
4	Kurang merenah	21-40%
5	Henteu merenah	1-20%

4) Analisis pangaruh basa indung kana tatakrama basa Sunda ngagunakeun rumus Chi Kuadrat (x^2). Anapon léngkah-léngkahna nyaéta saperti ieu di handap:

- (1) Ngitung presentase kaweruh jeung makéna tatakrama basa Sunda siswa masing-masing katégori;
- (2) Nyieun tabél kontigénsi frékuénsi ékspéktasi/harapan (fe) kalawan ngagunakeun rumus:

$$fe = \frac{(\Sigma fk \times \Sigma fb)}{\Sigma T}$$

Keterangan:

fe = frékuénsi ékspéktasi/harapan

Σfk = jumlah frékuénsi dina kolom

Σfb = jumlah frékuénsi dina baris

ΣT = jumlah sakabéh baris atawa kolom

- (3) Ngitung niléy x^2 , kalawan ngagunakeun rumus :

$$x^2 = \sum_{i=1}^b \sum_{j=1}^k \frac{(Oij - Eij)^2}{Eij}$$

Keterangan :

x^2 = chi kuadrat

O_{ij} = frékuénsi nu ditalungtik (observation / fo)

E_{ij} = frékuénsi nu dipiharep (expectation / fe)

(4) Ngitung koéfisién kontigénsi C

Sugiyono (2016, kc. 239), rumus koéfisién kontigénsi C, nyaéta:

$$C = \sqrt{\frac{x^2}{N + x^2}}$$

Keterangan :

C = koéfisién kontigénsi

x^2 = chi kuadrat itung

N = loba data

(5) Nangtukeun darajat kabébasan (dk) kalawan rumus:

$$dk = (k-1)(r-1)$$

Keterangan :

k = jumlah sampel

r = jumlah katégori kamampuh ngalarapkeun tatakrama

(6) Nangtukeun nilai x^2 dina tabél;

(7) Nguji hipotésis

Sugiyono (2016, kc. 213) nétélakeun yén H_0 ditolak, lamun x^2 dina tabél leuwih leutik tibatan x^2 itung, atawa H_0 ditarima lamun x^2 dina tabél leuwih gedé tibatan x^2 itung.

Tabél 3.6
Padika Hipotésis

$$x^2 \text{ itung} \geq x^2 \text{ tabél, mangka } H_0 \text{ ditolak}$$

Atawa H_0 ditarima, lamun:

$$x^2 \text{ itung} \leq x^2 \text{ tabél, mangka } H_0 \text{ ditarima}$$

Dina ieu panalungtikan, aya dua variabel anu dikorélasikeun, nyaéta:

- 1) Basa indung kana kaweruh tatakrama basa Sunda; jeung
- 2) Basa indung kana makéna tatakrama basa Sunda.